
# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*

# यीशु आओर लाजरस



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.



मरियम आओर मारथा बड़ चिंतित छलीह। हुनक भाय लाजरस बड़ बीमार रहैथि। बहिन सभक ई मालूम रहिन जे लाजरस बड़ जल्दी मरि जएताह। ओ सभ यीशुक समाद पठौलीह। बैतनिहाक एहि छोट परिवार सँ ओ बड़ प्रेम करैत छलाह।




जहन यीशु लाजरसक बारे में सुनिलाह ओ अपन चेला
सभक कहलिन, “ई बीमारीक अन्त मृत्यु नहि होयत“।
हलांकि यीशु ओहिठाम सँ बहुत मिल दूरी पऽ छलाह,
ओ जानैत रहैथि जे लाजरसक संगे वास्तव में कि
होबअबला रहिन।
3
बैतनियांह जाए सँ पहिन यीशु दु रोज इन्तजार
करलखिंन्ह। तकरा बाद ओ अपन चेला सभक किछु
कहलखिंन्ह जे हुनका सभक असमंजस में आनि देलखिंन्ह।
4
लाजरस मरि गेलाह। हम ओतो नहि छलहुँ एहि द्वारें हम
खुश छी तहन अहाँ विश्वास कऽ सकलहुँ“ किएहि अनजान
शब्दक की अर्थ होयत अछि ?“ यीशु कि करबाक योजना
बना रहल छलाह ?
5
जहन यीशु
बैतनिहयाँ
पहुँचलाह लाजरसक
मूअला चारि रोज
भऽ गेल रहैक।
हुनक देहिक गूफा
मैं कफन सँ लपेट
कऽ दफना
देबल गेल
रहिन, ओ जगह
एकदम मकबराक
जकाँ छल।
6
मारथा यीशु सँ भैंट करबाक लेल गेलीह। यीशु बाएजलिन
“अहाँक भाई पुनः उठि जएताह“ “हँ, जानैत छी जे ओ
पुनरउत्थानक दिन अन्त काल में जीवित भऽ जएताह“ मारथा
उत्तर देलीह। ओ अपना मन में सोचलीह जे युगतक अन्तिम
काल घरि हुनका लाजरसक जीवित होयबाक लेल इन्तजार
करअ पड़तिन।
मुदा यीशुक बाएजबाक
अर्थ बिल्कुल अलग
छल।
7
“पुनरूउत्थान अऽ जिनगी तऽ
हमही छी“ यीशु मारथाक
कहलिन। अऽ जे केओ हमरा
उपर विश्वास करताह जँ ओ
मरियो जएताह तऽ जीवित
रहताह“। मारथा यीशुक उपर
विश्वास कएलीह। ओ जानैत
छलीह जे ओ
परमेश्वरक पुत
थिकाह। मुदा
ओ कोनाक
लाजरसक
सहायता
करताह ?
8


सभ केओ बड़ दुःखी रहैथि किएक तऽ लाजरस मरि गेलाह। हुनक बहिन मरियम कानि रहल छलीह। अऽ हुनक रिश्तेदारक अऽ दोसतोक वैह हाल रहिन किएक तऽ ओ सभ हुनका सांत्वना देबाक लेल आएल रहैथि। प्रभु यीशु भी नोर बहौलएथि।
9
लोकक संगे यीशु कब्बर पऽ गेलाह। एकटा बड़ बड़का पाथर दरबाजक लग राखल छल।
10
यीशु आज्ञा देलिन “पाथरक हटाऊँ“। “हे प्रभु“ मारथा उत्तर देलीह अखिन घरि तऽ ओकर देहि सँ तऽ दुर्गंध आबैत होयत, किएक तऽ ओकरा मूअला, “चारि दिन भऽ गेल अछि“।
11
यीशुक आज्ञा देलाक बाद लोक सभ ओहि पाथरक हटा देलिन। तहन यीशु अपन स्वर्गीय पिता सँ प्रार्थना करलखिंन्ह। यीशु एक महान चमत्कार करय पऽ छलाह ताकि लोक सभ बूझैक जे हिनका परमेश्वर पठौने छनि।
12
यीशु सोर पारलिन लाजरस “बाहर निकलू“। लोक सभ जे सभ ओतो कब्बर पऽ होयताह आश्चर्य में पड़ि गेल होयताह। कि यीशु एक मूअल मनुख कऽ जीवित कऽ सकैत छथि ?
13
हाँ! लजरस कब्बर में सँ बाहर निकएल गेलाह, ओ कप्फन पहिरने कब्बर में सँ जीवित निकएल गेलाह। - जीवित।
14

"कप्फन खोलि दियौंन" अऽ "हिनका जाय दियौंन" यीशु कहलिन।" ओहिठाम कतैक आनन्द आएब गेल होयत! नोर मुश्कान में बदिल गेल। यीशु अपन वाचाक लाज राखलिन। लाजरस पुनः जीवित भऽ गेल छलाह। मात्र परमेश्वरक पुत मूअल मनुख कऽ जीवन दऽ सकैत छथि।



15

बहुत लोक जे एहि चमत्कारक देखलिन यीशुक उपर विश्वास कएलिन। मुदा किछु लोक जा कऽ हुनक दुश्मनक बता दैत छथि। अर्थात मंदिरक पूजारी सभ कऽ ईर्श्या में आएब कऽ ओ सभ यीशुक हत्याक योजना तैयार करैत छथि। जहन यीशुक ई पता लागलिन ओ कनेक कालक लेल ओहिठाम सँ चलि गेलाह।



16

यीशु आओर लाजरस

***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

यूहन्ना 11

***ऋ्का क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता* 119:130**

17

# समाप्त

52 60

18

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16

19